Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилье,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета



№ 47 (6882) 4 декабрь 2023 с. Итни Жумадул авал 1445 с. Багьа - эркенаб

ЧIАЛДА МОХМОХ БИЦЦАЛЪАГИ

## «Бакълъулазул ахал»

### Республикаялъул росдал магIишаталъул базаралда гIахьаллъана

**МахIачхъалаялъул централияб майданалда араб анкьалъ росдал магIишаталъул**



**хIалтIухъабазул къоялъул хIурматалда тIобитIана республикаялъулаб росдал магIишаталъул базар. Тадбиралда гIахьаллъи гьабуна Бакълъул мухъалъул вакилзабазги.**

Районалда гIезарурал тIагIамахъ балагьизе рачIана



ДРялъул хIукуматалъул нухмалъулев ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимов, вице-премьерал Нариман ГIабдулмутIалибов, Ризван ГъазимухIамадов, ДРялъул НСялъул нухмалъулев Заур Аскендеров, гьесул заместитель СайгидахIмад АхIмадов, ДРялъул росдал магIишаталъул министр Мухтарбий Ажеков, регионалъул экономикаялъул ва бакIалъулаб цебетIеялъул министр ХIажи Султанов, ДРялъул физическияб культураялъул ва спорталъул министр Сажид Сажидов, республикалъул ветеринарияб Комитеталъул нухмалъулев МухIамад Шапиев ва цогидал.

Гьединго бакълъулазул ракьалда гIезабураб продукциялъе къимат кьуна ДРялъул НСялъул хурухъанлъиялъул, тIабигIаталъул суалазул Комитеталъул нухмалъулесул заместитель МухIамад Патхулаевас, ДРялъул НСялъул лъайкьеялъул ва гIелмабазул Комитеталъул нухмалъулесул заместитель ГIабдулвахIид Лабазановас, Дагъистаналъул руччабазул гIуцIиялъул нухмалъулей Интизар Мамутаевалъ, жамгIияв хIаракатчи АхIмад ГIабдуразакъовас.

Росдал магIишаталъул къоялъул хIурматалда тIобитIараб тадбиралда кIалъазе вахъарав Бакълъул районалъул росдал магIишаталъул ва экономикаялъул управлениялъул нухмалъулев МухIамад ГIабдулхIалимовас муниципалитеталда пихъ ва гь. ц. гIезабиялъул ва районалъул хаслъиялъул бицана.

«Дагъистаналъул цогидал районалго гIадин, Бакълъул мухъги хурухъанлъи, ахихъанлъи цебетIураб муниципалитетлъун ккола. Нижер ракьалда гIезарула рацIцIадал нигIматал. Бакъулал къоял гIемер рукIиналъ, Бакъул улкайин



цIарги кьун буго нижер мухъалъе. Щибаб соналъ Бакълъул районалдаса Россиялъул батIи-батIиял регионазде бичизе уна курак.

Районалда буго кIиго аграрияб мухъ: гъоркьияб, гьарзаго пихъ бижулеб жаниблъи, боцIи хьихьи цебетIураб тIасияб рахъ. Бакълъулазул машгьураб пихъ бижулеб расалъи буго ральда-



даса 500 метралъ борхалъуда. Гьениб кидаго цебетIураблъун букIана ахихъанлъи.

Бакълъулазул расалъиялда ахаз ккун буго 700 гектар. Гьенир гIезарула курак, микьир, гени, гIеч, хурма, цIибил, цIулакьо ва гь. ц. Бакълъул районалъул тIасияб мухъалда гIезабула картошка, хъапустIан, цебетIураб буго боцIухъанлъи. Жигарго нухдаинабулеб буго бакълъулаз «Борщевой набор» абураб федералияб проект, ахирал соназ чанго нухалъ цIикIкIана картошка гIезабулел ракьазул къадар.

ТIолгороссиялъул тайпадулаб гIи-боцIиялъул къецазда бергьенлъи босана ва призовиял бакIал ккуна бакълъулаз. Районалда гIезабураб гIиял гьан, бакъвазабураб гьан ва бакьал уна Россиялъул шагьараздe ричизе.

Бакълъулазул хурухъабаз бана тIорщел цIунулеб бакI, цIиял фермаби ва гь. ц. «Бакълъулазул ахал» абураб проектги буго гьабун. Гьелда рекъон районалъул лъабго росулъ гъутIби чIезе руго. 70 гектаралъ ахазул къадар цIикIкIине буго», - ян бицана МухIамад ГIабдулхIалимовас.

Дагъистаналъул тахшагьаралда тIобитIараб росдал магIишаталъул базаралда цере рахъарал бакълъулазул театралибгун концертнияб къокъаялъул номераз лъикIаб асар гьабуна тадбиралде рачIаразе.

**«Гумбет» информациялъул гIуцIи**

НОМЕРАЛДА РУГО:



**Лъимал гIемерал улбул кIодо гьаруна**

- 2 гьум.



**Гъалип Гъалипов: «Нижеда, гьудулзабазда, кIочене гьечIо ГъазимухIамад АхIмадов»**

- 2 гьум.



**СВОялъул рагъухъан Жабулав ГIалимирзаевасул хIурматалда – тадбир**

- 2 гьум.



**Палестинаялдаса рачIарал къабул гьаризе хIадурал руго бакълъулал**

- 3 гьум.

УНЕЛ РУГО РУЧЧАБИ, ГЪЕЖДА ДУНИЯЛГИ ЛЪУН

# Лъимал гIемерал улбул кIодо гьаруна

**СВОялъул гIахьалчагIазул лъудбуздаги баркана**

**Эбелалъул къоялъул хIурматалда батIи-батIиял тадбирал тIоритIана бакълъулазул мухъалда. Муниципалитеталъул администрациялъул дандеруссиназул кIалгIадухъ гьеб байрамалда хурхун рохалилаб дандельи гIуцIана. Гьенир гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас, гьесул заместителал ГIалихан ДавудхIажиевас ва МухтарахIмад АхIмадовас, СВОялъул гIахьалчагIазул лъудбуз, улбуз, идарабазул вакилзабаз ва цогидаз.**



Баркиялъулаб кIалъай гьабуна муниципалитеталъул нухмалъулев Гъалип Гъалиповас, районалъул руччабазул гIуцIиялъул нухмалъулей Загьра ГIабдулаевалъ, Бакълъул мухъалъул поликлиникаялъул нухмалъулей ГIайшат Батировалъ ва цогидаз.

Гьединго районалъул улбузда байрам баркана Украиналда тIобитIараб хасаб рагъулаб операциялъул рагъухъан, ЦIилиь росулъа Жабулав ГIалимирзаевас ва СВОялъул гIахьалчиясул эбел ПатIимат ГIабдурахIмановалъ.



Тадбиралда гIахьаллъаразе пасихIго кучIдул цIалана МельелтIа росдал гьоркьохъеб ва аслияб школалъул цIаладохъабаз, «ЧIварав васасулги эбелалъулги макъиль ккараб гара-чIвари» абураб художествияб номер бихьизабуна «Бакъ» ясли-ахалъул тарбиячагIаз.

Байрамалъул хIурматалда Гъалип Гъалиповас СВОялъул гIахьалчи Расул МухIамадовасул эбел ПатIимат ГIабдурахIмановалъе баркалаялъул кагъат ва сайгъат кьуна.

Гьединго Гъалиповас Эбелалъул къо баркана ЦIаналъ росулъа бахIарчияй эбел Хайрулбарияб АбулхIасановалда, гьелъ гIезавуна СВОялъул рагъухъан, Жуковасул медалалъе мустахIикълъарав ХIусен АбулхIасанов. Районалъул бетIерас гьелъие гьарана кинабго лъикIабщинаб ва сайгъат кьуна. АбулхIасановалъ тарбия кьуна 10 лъимадуе.

ЦIаналъ росулъа ПатIимат ХIажимурадовалъухъеги щвана Гъалип Гъалипов, 10 лъимер гIезабизе бахъараб хIаракаталъухъ ракIалъулаб баркала загьир гьабуна ва гIарцулаб сайгъат кьуна.




Гьединго, 86 сон барай ЦIаналъ росулъа Маржанат МутагIиломовалъухъеги щвана районалъул нухмалъулев. Гьабуна гьелъие гIарцулаб кумек ва гьарана халатаб гIумругун сахлъи. МутагIиломовалъ баркала кьуна Гъалип Гъалиповасе ва цогидазе гьабураб лъикIаб бербалагьиялъухъ.



Муниципалитеталъул бетIерасда цадахъ сапаралда рукIана гьесул заместитель ГIалихан ДавудхIажиев, гIадамазе социалияб хъулухъ гьабиялъул идараялъул директор Абакар МухIамадов, Игьали росдал бегавул ГIабдула Сулейманов, районалъул руччабазул гIуцIиялъул нухмалъулей Загьра ГIабдулаева, гьелъул заместитель ГIазра Исубилаева, гурхIел-рахIмуялъул «Гумбет» фондалъул нухмалъулев МухIамадрасул ГIалиев ва цогидал.

Эбелалъул къо гьединго баркана СВОялдаса тIадруссинчIел рагъухъабазул лъудбуздаги. Гьедин, Бакълъул районалъул нухмалъулесул заместитель МухтарахIмад АхIмадов гьобоЛлъухъ щвана Щабдухъа бахIарчи Къурбан Мурадовасул чIужу ХIасипат Хайрулаевалъухъе. АхIмадовас гьелъие гIарцулаб сайгъатги кьуна.

СВОялдаса тIадвуссинчIев ЦIияб Аргъваниса Иляс МухIамадовасул чIужу ПатIимат МухIамадовалда Эбелалъул къо баркана росдал маданиябгун хIухьбахъиялъул централъул нухмалъулей Напилат Къадиевалъ ва библиотекаялъул нухмалъулей Багистан ГIумаровалъ. ТIугьдул ва кванил нигIматал сайгъат гьаруна гьез ПатIиматие.

Гьединго районалъул улбузда байрам баркана бакълъулазул мухъалдаса СВОялде арал рагъухъабазги, гьарана щияй эбелалъе щулияб сахлъи, халатаб гIумру ва сундулъго битIккей.

**«Гумбет» информациялъул гIуцIи**

ЧАРАН КИН ЛЪАДАРАРАБ

# Гъалип Гъалипов: «Нижеда, гьудулзабазда, кIочене гьечIо ГъазимухIамад АхIмадов»

**Россиялъул мустахIикъав тренер ракIалде щвезавуна**

**Ветераназда гьоркьов самбоялъул ва дзюдоялъул рахъалъ дунялалъул чанцIулго чемпионлъун вахъарав, Россиялъул мустахIикъав тренер ГъазимухIамад АхIмадов ракIалдещвеялъул мурадалда гьев гьавурав Дербент районалъул Чинар росулъе щвана бакълъулазул бетIер Гъалип Гъалипов.**



«Дагъистаналъе ва хасго гьесул гьудулзабазе, кIудияб ками буго гьунар тIокIав тренер гIумруялдаса ватIалъи. ГъазимухIамад АхIмадович вукIана Аллагьас гьунар, ракI разилъи, инсан вокьи ва цогидал лъикIал гIамалал сайгъат гьабурав инсан.

Спортивиял къецазулъ гIемерал бергьенлъаби росана гьес ва тарбия кьуна батIи-батIиял спортсменазе. Республикаялда гIемерал тадбирал тIоритIула гьесул хIурматалда.

Жакъа къоялъ ГъазимухIамад аАIмадовасул хIалтIи нухдаинабулеб буго гьес куцараз. Нижеда, гьудулзабазда, кIочене гьечIо ГъазимухIамад АхIмадов», - ян абуна Гъалип Гъалиповас.



**«Гумбет» информациялъул гIуцIи**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# СВОялъул рагъухъан Жабулав ГIалимирзаевасул хIурматалда – тадбир

**Улкаялъул нухмалъулесул тIадкъаял тIураялъул бицана**

**Украина неофашистаздаса эркен гьабизе мурадалда тIобитIараб хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчи лейтенант Жабулав ГIалимирзаевасулгун дандчIвай тIобитIана ЦIилиь росдал гьоркьохъеб школалда.**



Росдал хIаракатчагIаз, мугIалимзабаз ва цIалдохъабаз хIаракаталдалъун тIобитIана дандеруссин. Тадбиралда ГIалимирзаевас бицана СВОялъул мухъалда бугеб ахIвалхIалалъул ва баян гьабуна Россиялъул нухмалъулев Владимир Владимирович Путинил тIадкъаял тIуразе СВОялъул рагъухъабаз бахъулеб хIаракаталъул.

Дандельиялъул гIахьалчагIаз кьурал суалазе жавабалги ГIалимирзаевас гьираго кьуна. ВатIан бокьиялъул тадбир гIуцIараз ГIалимирзаевасе сайгъатги кьуна. Дандеруссиналъул ахиралда хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчагIазе дугIаги гьабуна.

**Макка МухIамадова**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

## Палестинаялдаса рачIарал къабул гьаризе хIадурал руго бакълъулал

**Бакълъул районалъул бетIер Гъалип Гъалиповасул рагIабазда рекъон, район хIадураб буго, жидерго рукъ-бакI тун, лъутизе ккарал Палестиналъул гIадамал къабул гьаризе.**



«ГIизраилалъул тIадекIанцIи сабаблъун, жидерго рукъзал тун, тIуризе ккарал Гъазалъул халкъ къабул гьаризе хIажатал шартIал чIезарун руго Бакълъул мухъалда.

Палестинаялдаса рачIаразул тIоцебесеб къокъа къабул гьабуна Дагъистаналъул бетIер Сергей Алимович Меликовас. КIудияб кIвар кьолеб буго гьезие къваригIарабщинаб чIезабиялде.

Бакълъул мухъалъул тIалъиялъ ва муниципалителъул гIа-дамаз бажарараб гьабизе буго Палестинаялдаса рачIаразе», - ян лъазабуна Гъалип Гъалиповас.

**«Гумбет» информациялъул гIуцIи**

РИТМ ГУМБЕТА

## В селе Цанатль открыли «Парту Героя»

**В Цанатлинской основной школе Гумбетовского района прошло торжественное открытие «Парты Героя», посвященной Герою Советского Союза Магомеду Гаджиеву.**



В мероприятии приняли участие глава Гумбетовского района Галип Галипов, его заместитель Алихан Давудгаджиев, главный редактор медиа-группы «Гумбет» Гамзат Изудинов, начальник отдела администрации по вопросам ГО, ЧС и мобилизационной работе Гасан Гасанов, директор Центра социального обслуживания населения РД в МО «Гумбетовский район» Абакар Магомедов, директор фонда «Гумбет-В» Магомедрасул Алиев, представители Цанатлинской ООШ и другие.

В торжественной церемонии разрезания ленты приняли участие руководитель муниципалитета Галип Галипов, специалист управления образования Гумбета, председатель Совета женщин района Загра Абдулаева и ученица 4-го класса Цанатлинской основной школы Таибат Гусейнова. Отметим, что «Парты Героя» открываются и в других населенных пунктах Гумбетовского района.

**РИО «Гумбет»**



РИТМ ГУМБЕТА

## Галип Галипов: «Мы отправили письмо в Минтранс РД с просьбой асфальтировать дорогу Нижнее Инхо – Верхний Арадирих»

**Глава Гумбетовского района Галип Галипов прокомментировал вопрос о капитальном ремонте дороги Нижнее Инхо – Верхний Арадирих, который был задан в ходе прямого эфира Главе Дагестана Сергею Меликову жителем села Средний Арадирих Далгатом Муртазалиевым.**



«Выражаю благодарность Главе Дагестана Сергею Алимовичу Меликову за реализацию проектов в Гумбетовском районе. Мы отправили письмо в Минтранс РД с просьбой асфальтировать дорогу Нижнее Инхо – Верхний Арадирих. Министр транспорта и дорожного хозяйства РД Джамбулат Шапиевич Салавов всегда поддерживает наши инициативы. Уверен, что и в дальнейшем Гумбет получит федеральную и региональную поддержку. Вопрос, озвученный в ходе прямого эфира, касался дорожной отрасли. «Уважаемый Сергей Алимович! К Вам обращается житель Гумбетовского района Муртазалиев Далгат Сулейманович. За последние годы в нашем районе проведена и проводится большая работа по улучшению состояния дорожной сети.

Асфальтированы дороги Сагри – Новое Аргвани и Тлярата – Ингиши. Также запланировано провести капремонт с асфальтированием на дорогах Нижнее Инхо – Килятль, Мехельта – Гагатли, Хасавюрт – Тлох. Эти проекты проходят экспертизу. Вместе с тем, есть еще несколько важных участков транспортных сетей, которые нуждаются в капитальном ремонте. По дороге Нижнее Инхо – Верхний Арадирих проходит кратчайший маршрут туристов из других регионов России, которые едут посетить Мочохское озеро и село Цада. Так как село Средний Арадирих является одним из гамзатовских мест, просим Вас помочь включить эту трассу в программу капремонта с асфальтированием», – с таким обращением выступил житель села Средний Арадирих Далгат Муртазалиев.

Глава Дагестана Сергей Алимович Меликов отметил, что вопрос развития гамзатовских мест является актуальным, напомнил о важности создания инфраструктуры для стимулирования туризма, поручил проработать вопрос капремонта дороги Нижнее Инхо – Верхний Арадирих Минтрансу РД», – подчеркнул глава Гумбета Галип Галипов.

**РИО «Гумбет»**

РИТМ ГУМБЕТА

## Мухтарахмед Султанбегов из села Мехельта пополнил ряды артиллерийских войск Минобороны РФ

**Мухтарахмед Султанбегов из села Мехельта Гумбетовского района пополнил ряды артиллерийских войск Минобороны Российской Федерации.**



Как сообщили нашему сетевому изданию, военную службу он будет нести в городе Тамбове. В проводах Мухтарахмеда приняли участие родственники и друзья, которые пожелали ему успешной службы. Отметим, что призывники из Гумбетовского района достойно выполняют воинский долг в разных регионах России.

Так, родители срочников получают благодарственные письма за воспитание достойных защитников Отечества.

**РИО «Гумбет»**

ОБЪЯВЛЕНИЕ

## О статусе многодетной семьи

**Семья считается многодетной, если в семье 3 и более детей в возрасте до 18 лет. При подсчёте детей также учитываются усыновлённый, приемные и находящиеся под опекой или попечительством.**

Для получения статуса «Многодетной семьи», необходимо предоставить следующие документы:

- Паспорта родителей
- Свидетельство о рождении детей
- Свидетельство о заключении или расторжении брака
- Свидетельство об установлении отцовства (при наличии)

Получить статус многодетной семьи можно обратившись в центр «Мои Документы».




Подача заявления и оформление только по месту регистрации.

Наш call-центр: +7 (938) 777-82-92.

Добро пожаловать!

**Филиал МФЦ РД по Гумбетовскому району**

СТРАНА ГОР

## Аграрии Дагестана в 2023 году собрали более 150 тыс. тонн риса

**Об этом сообщается в телеграм-канале Минсельхозпрода РД.**

По информации источника, валовой сбор этой культуры по итогам уборочной кампании ожидается в пределах 156 тыс. тонн. «В этом году у нас посеяно 31,6 тыс. га риса. К настоящему времени собрано 150,5 тыс. тонн риса, что уже больше рекордного урожая 2022 года, ожидается еще около 5-6 тыс. тонн», — сказал глава Минсельхозпрода РД Мухтарбий Аджеков в ходе пресс-конференции на площадке РИА «Дагестан».



**РИО «Гумбет»**

СТРАНА ГОР

## К концу года в Махачкале состоится открытие двух новых поликлиник

**Премьер-министр РД Абдулмуслим Абдулмуслимов накануне проверил готовность к открытию новых модульных поликлиник (на 250 посещений в смену каждая) в поселке Ленинкент и микрорайоне Сепараторный.**



Данные объекты построены по госпрограмме «Модернизация первичного звена здравоохранения Республики Дагестан».

**РИО «Гумбет»**

ЛИКБЕЗ НАЛОГАПЛАТЕЛЬЩИКА

## 1 декабря 2023 г. истекает срок уплаты налогов, исчисленных за 2022 г.

**Управление ФНС России по Республике Дагестан напоминает, что 1 декабря 2023 года истекает срок уплаты налогов, исчисленных за 2022 год физическим лицам: налога на имущество, земельного и транспортного налогов, а также НДФЛ, по которым налоговый агент не удержал сумму НДФЛ.**

Уплатить налоги можно: с помощью электронных сервисов ФНС России «Личный кабинет налогоплательщика для физических лиц», «Уплата налогов и пошлин», мобильного приложения «Налоги ФЛ»; в личном кабинете портала «Госуслуги»; в отделениях банков; через платёжные терминалы или мобильные приложения банков. Больше информации об уплате имущественных налогов можно найти на промостранице сайта ФНС России «Налоговое уведомление 2023».




**УФНС России по Республике Дагестан**

ОБЪЯВЛЕНИЕ

## Незаконные подключения к газовым сетям и нарушение правил использования газового оборудования – угроза вашей безопасности

**ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» обращается к жителям республики Дагестан с просьбой не использовать самодельное, несертифицированное газовое оборудование, а также категорически запрещает самовольную врезку в газопроводы.**




В период прохождения отопительного сезона поставщик газа ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» предупреждает потребителей газа, что использование в быту несертифицированного газового оборудования может привести к трагедии.

Многие жители республики по-прежнему подвергают риску свои семьи и соседей самовольно устанавливая газовое оборудование не соответствующее требованиям газопотребления. Не меньшую угрозу представляет и самовольная прокладка газопроводов к частным домам, а также к коммерческим объектам.

Учитывая повышенную опасность подобных деяний, наказание за повторные случаи самовольного подключения было ужесточено федеральным законом № 229 от 29.07.2018г. Если прежде виновник уже был подвергнут административному наказанию, но при этом вновь совершил врезку в газопровод, ему грозит уголовная ответственность по части 1 статьи 215.3 УК РФ. Максимальное наказание, предусмотренное санкциями данной статьи – лишение свободы на срок до двух лет.

По всем возникающим вопросам с обеспечением газоснабжения и газификации можно обращаться в ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» с 9 до 18 часов по многоканальному номеру «Контакт-центра» 8-800-200-98-04 ( звонок бесплатный).

Для приема документов на заключение договоров на поставку газа (для коммерческих и бюджетных объектов) работает «Единое окно» 8 (8722) 67-32-98.

**МФЦ РД по Гумбетовскому району**

ОБЪЯВЛЕНИЕ

## Кто сможет оформить страховую пенсию по старости в 2024 году

**Выход на пенсию — это возможность больше времени проводить с семьей и друзьями. Вы заслужили это время, наслаждайтесь каждым мгновением!**

Также для вас, уважаемые пенсионеры, по всей стране уже действует 219 центров общения старшего поколения.

Если у вас есть увлечения, которыми вы так давно мечтали заниматься, воплощайте их в наших центрах. Приходите и проводите время с интересом в уютной атмосфере.

А мы напоминаем условия выхода на страховую пенсию по старости в 2024 году:

- достигнут возраст выхода на страховую пенсию в 2024 году,
- заработан необходимый страховой стаж,
- наличие установленной суммы пенсионных коэффициентов.

Чтобы будущее назначение




было максимально простым, рекомендуем заранее проверить накопленный вами страховой стаж и пенсионные коэффициенты.

- Для этого закажите выписку о состоянии индивидуального лицевого счета в Соцфонде (ИЛС) на портале Госуслуги.
- В выписке необходимо проверить данные о страховом стаже, пенсионных коэффициентах, накопительной пенсии (при условии формирования) и отчислениях работодателей.
- Если данные вашего индивидуального лицевого счета в Соцфонде (ИЛС) не соответствуют вашей трудовой деятельности, их следует скорректировать.
- Для этого подайте заявление на портале Госуслуги о корректировке индивидуального лицевого счёта в СФР.

После подачи электронного заявления необходимо в течение 3-х дней предоставить в ближайшую клиентскую службу СФР оригиналы документов, подтверждающих ваш стаж.

Заявление можно подать и при личном обращении в клиентскую службу Социального фонда России.

О других категориях граждан, которые получат право выйти на пенсию в 2024 году, в наших следующих постах.

**МФЦ РД по Гумбетовскому району**

БетІерав редактор:
ХІамзат МухІамадович ГІизудинов
телефон: 26-254
Газета гІуцІаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтІа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь:
Зугьра ГІабдулкъадирова
Корреспондентал:
Хадижат Мазгарова,
Макка МухІамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухІамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес:
МахІачхъала, Петр ТІоцевесесул къватІ, 61

Газета къватІибе бачІунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цІаразда гъорк
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1003
Газета къватІибе биччазе гъулбасана,
графикалда рекъон: 16 с. 00,
хІакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хІужабазул, цІаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.